

**KAJIAN FILOLOGI SĀHĀ PIWULANG LUHUR  
WONTĒN TEKS SĒRAT KĀANAN JATI**

**Anggi Tri Puspita Sari**

**09205244072**

**Sarining Panalitèn**

Ancasipun panalitèn mēnikā kanggé: (1) ngandharakēn *inventarisasi naskah SĒrat Kaanan Jati*, (2) ngandharakēn kawontĕnanipun *naskah utawi deskripsi naskah SĒrat Kaanan Jati wontĕn Kĕmpalan SĒrat Suluk kode Pi.10 (0125/PP/73)*, (3) ndamĕl *transliterasi standar Teks SĒrat Kaanan Jati*, (4) ndamĕl *suntingan teks SĒrat Kaanan Jati kanthi metode standar*. Salajĕngipun, (5) ndamĕl *terjemahan teks SĒrat Kaanan Jati*, sartā (6) ngandharakēn jinising piwulang luhur wontĕn ing *teks SĒrat Kaanan Jati*.

Panalitèn mēnikā ngginakakēn *metode panalitèn filologi sĀhĀ metode panalitèn deskriptif*. *Metode panaliten filologi* dipunginakakēn kanggé nggarap *teks SĒrat Kaanan Jati* ingkang kasĕrat mawi aksĀrĀ JĀwĀ. *Metode panalitèn deskriptif* dipunginakakēn kanggé nggambarakēn *teks SĒrat Kaanan Jati* kanthi *objektif*. *Sumber data* panalitèn mēnikā: *teks SĒrat Kaanan Jati* ingkang kasimpĕn wontĕn bĕndhĕl *naskah Kĕmpalan SĒrat Suluk koleksi perpustakaan Widayapustaka Pura Pakualaman Yogyakarta*. *Teknik ngĕmpalakĕn data* ing panalitèn mēnikā ngginakakēn lampahing panalitèn *filologi*, inggih mēnikā *inventarisasi naskah, deskripsi naskah, transliterasi, suntingan, sĀhĀ terjemahan teks*. *Analisis data* ngginakakēn *teknik analisis deskriptif*. *Validitas* ingkang dipunginakakēn, inggih mēnikā *validitas semantik*. *Reliabilitas* ingkang dipunginakakēn, inggih mēnikā *reliabilitas intraretter sĀhĀ interratter*.

Asiling panalitèn mēnikā ngandharakēn gangsal bab. Sapisan, kawontĕnanipun *teks Serat Kaanan Jati* taksih saé, sĀhĀ sĕratanipun taksih sagĕd kawaos. Kaping kalih, asiling *transliterasi teks SĒrat Kaanan Jati* inggih mēnikā ngĕwahi sĕratan saking aksĀrĀ JĀwĀ dhatĕng aksĀrĀ Latin. Adhĕdhasar asiling *transliterasi, teks SĒrat Kaanan Jati* mēnikā taksih ngginakakēn *sistem ejaan naskah* ingkang lami. Kaping tigā, asiling *suntingan teks* kapanggihakĕn wontĕn sĕdĀsĀ inggih mēnikā kodrat, watĕk, kakiranging, ingkang, sadĕrĕnging, kalampah, bilih, ngandhap, laku, wiryĀ. Wondĕné sadĀyĀ ĕwah-ĕwahan ing *suntingan teks* kaandharakēn ing *aparatur kritik*. Sakawan, asiling *terjemahan teks* inggih mēnikā alih bĀsĀ saking bĀsĀ KrĀmĀ dhatĕng bĀsĀ Indonesia. Adhĕdhasar anggĕnipun nĕrjĕmahakĕn mēnikā, wontĕn sapĕrangan tĕmbung ingkang botĕn sagĕd dipun-*terjemah*-akĕn dhatĕng bĀsĀ Indonesia amargi tĕmbung mēnikā botĕn kapanggihakĕn wontĕn ing *kamus* ingkang dipundadosakĕn *acuan* utawi *sumber* dĕning panyĕrat. Gangsal, asiling ngrĕmbag isining *teks SĒrat Kaanan Jati* kapanggihakĕn tigā jinising gayuting piwulang luhur, inggih piwulang luhur antawisipun manungsĀ dhumatĕng Gusti, manungsĀ kaliyan gĕsang bĕbrayan, sĀhĀ piwulang luhur antawisipun manungsĀ dhatĕng dhiri pribadinipun.

**Pamijining tĕmbung:** *kajian filologi, piwulang luhur wontĕn teks SKJ*

## Abstract

This research was made for: (1) describes the manuscript inventory of fiber *Kaanan Jati*, (2) describes the manuscript descriptions fiber *Kaanan Jati* in *Kempalan Serat Suluk* code Pi. 10 (0125/PP/73), (3) create a standard text transliteration fiber *Kaanan Jati*, (4) make edits text using the standard edition of the text of fiber *Kaanan Jati*. Next, (5) made fibers text translation *Kaanan Jati*, and (6) discusses the noble teachings in the text of fiber *Kaanan Jati*.

This research uses philological research methods and research methods descriptive. Philological research methods used to study the text of the fiber *Kaanan Jati* written with Java script. Descriptive research method is used to illustrate the text of fiber *Kaanan Jati* objectively. Source of research data are: text stored in the fiber *Kaanan Jati* stored in bundles script *Kempalan Serat Suluk* Widayapustaka library collections of Pura Pakualaman Yogyakarta. Techniques to collect data in this study using the workings of philological research are inventory manuscripts, manuscript description, transliteration, edits and text translation. Data analysis using descriptive analysis techniques. Validity used is a semantic validity. Reliability used is reliability intraretter and interratter.

This study discusses the results of five chapters. First, the state of fiber *Kaanan Jati* text is still good and the writing could still be read. Second, fiber *Kaanan Jati* transliterated text is replacing posts of Java script into the Latin alphabet. Transliterated text based fiber *Kaanan Jati* still use the old spelling system manuscript. Third, edits texts found 10 mistakes that *kodrat*, *watek*, *kakiranging*, *ing kang*, *saderenging*, *kalampah*, *bilih*, *ngandhap*, *laku*, *wiryu*. Whereas all the errors in text editing apparatus entered into the criticism. Fourth, the translation of the text is a translation of the Java language into Indonesian. Based on the translation there are some words that can not be translated in Indonesian because the word is not found in the dictionary referenced by the researchers. Fifth, the results of the discussion of the text of fiber *Kaanan Jati* found three noble teachings, including teachings that human to God, human life, and human teachings to himself.

**Keywords:** Study Philology, Noble Teachings in the text of *Serat Kaanan Jati*

### A. PURWAKA

Masyarakat Jawa mênikâ salah satunggaling masarakat ing kang nglêstantunakên warisan utawi têtilaran kabudayan. Têtilaraning budâyâ Jawa ing kang awujud sêratan dipunsêbut *naskah* utawi *manuskrip*. Têmbung *manuskrip* mênikâ saking têmbung bâsâ Inggris *manuscript*, utawi bâsâ Walandi *handschrift* ‘*naskah*’ (Djamaris, 2002: 3). *Naskah* inggih mênikâ anggitan ing kang sinêrat astâ (carik) ing kang taksih asli mênâpâ

déné salinanipun (Darusuprta, 1984: 1). Salêbêting *naskah* Jawa têtunipun ngêwrat mawarni-warni jinis isining *naskah* ing kang gayut kaliyan pagêsanganing masarakat jaman rumiyin. Saking mapintên-pintên jinising *naskah* Jawa, wontên sapêrangan *naskah* Jawa ing kang jinisipun kalêbêt *naskah* piwulang. Salah satunggaling *naskah* Jawa ing kang ngêwrat bab piwulang, inggih mênikâ *teks Sêrat Kaanan Jati* (salajêngipun dipunsêrat *SKJ*) ing kang

kasêrat wontên ing bëndhêl *naskah Kêmpalan Sêrat Suluk* ingkang salajêngipun dipunsêrat *KSS*.

*Teks SKJ* ngêwrat tigå jinising piwulang luhur. Piwulang luhur ingkang sapisan inggih piwulang ingkang wontên gayutipun antawisipun manungså kaliyan Gusti. Piwulang ingkang kaping kalih inggih mênikå piwulang ingkang wontên gayutipun manungså kaliyan gêsang bêbrayan, sårå ingkang pungkasan ngrêmbag piwulang manungså kaliyan dhiri pribadinipun.

Salah satunggaling lampahing panalitèn ingkang sagêd nggampilakên anggènipun mangrêtosni isining *naskah Jawi*, inggih mênikå kanthi lampahing panalitèn *filologi*. *Filologi* inggih mênikå satunggaling ngèlmi ingkang gayut kaliyan *karya* sêratan ingkang magêpokan kaliyan bab bâså, kasusastran, sårå kabudayan (Mulyani, 2009b: 1). Wontên ing panalitèn mênikå, lampahing panalitèn *filologi* ingkang katindakakên inggih mênikå (1) *deskripsi naskah*, (2) *transliterasi teks*, (3) *suntingan teks*, (4) *terjemahan teks*, sårå (5) *analisis teks*.

## B. GEGARAN TEORI

### 1. Pangrêtosan *Filologi*

*Filologi* inggih mênikå salah satunggaling kawruh bab sêratan (*karya tulis*) ingkang gayut kaliyan bab bâså, kasusastran, sårå kabudayan (Baroroh-Baried, 1985: 1). Miturut Baroroh-Baried (1985: 1), têmbung *filologi* asalipun saking bâså Yunani, inggih saking têmbung *philos* têngêsipun ‘rêmên’ sårå têmbung *logos* têngêsipun ‘ngèlmi; kawruh’. Dhapukaning kalih têmbung dados satunggal, inggih mênikå ‘*filologi*’ têngêsipun ‘rêmên têmbung’ utawi ‘rêmên micårå’ utawi ‘rêmên budåyå’.

Wondéné miturut Djamaris (2002: 3), pangrêtosan *filologi*, inggih mênikå kawruh ingkang *objek* panalitènipun *naskah-naskah* lami. Panalitèn bab *naskah-naskah* lami mênikå katindakakên amargi wontên pamanggih bilih wontên salêbêting têtilaran ingkang awujud sêratan mênikå ngêwrat piwulang-piwulang ingkang taksih jumbuh kaliyan pagêsanging masarakat jaman samênikå (Baroroh-Baried lumantar Suyami, 2001: 11).

Adhêdhasar pangrêtosan ing nginggil sagêd kadudut pangrêtosanipun bilih *filologi* inggih mênikå ngèlmi ingkang dipunginakakên kanggé sarånå nyinaoni bab *naskah-naskah* kinå ingkang ancasipun ngandharakên isining *teks* ingkang kawrat ing salêbêting *naskah*. Pangrêtosan *filologi* dipunginakakên ing panalitèn mênikå amargi panalitèn mênikå nлити *naskah* kanthi irah-irahan *teks SKJ* ingkang sinêrat mawi aksårå Jåwå carik. Panalitèn mênikå ngandharakên wosing *teks SKJ* ingkang gayut kaliyan ngèlmi bâså, kasusastran, sårå kabudayan.

### 2. *Objek* Panalitèn *Filologi*

*Objek* panalitèn *filologi* inggih mênikå awujud *naskah* kaliyan *teks*. *Naskah* têngêsipun anggitan ingkang taksih dipunsêrat mawi tangan (astå) utawi carik ingkang taksih asli mênåpå déné salinanipun (Poerwadarminta lumantar Darusuprta, 1984: 1). Saking andharan kasêbut nêdahakên bilih *objek* panalitèn *filologi* inggih mênikå *naskah*, ing salêbêting *naskah* kawrat *teks* ingkang kêdah dipuntliti sårå dipunandharakên. Wontên ing panalitèn mênikå ingkang dados *objek* panalitènipun inggih mênikå *naskah SKJ*. *Naskah SKJ* ingkang

dipunginakakên awujud sêratan astâ (carik).

*Teks* inggih mênikâ anggitan ingkang ngrêwat bab samukawising agêsang, inggih mênikâ magêpokan kaliyan sadâyâ ingkang sampun kalampahan. *Teks* mênikâ minangka isining *naskah* utawi *manuskrip*. *Teks* Jawi sagêd kasêrat mawi aksârâ warni tigâ, inggih mênikâ aksârâ Jâwâ utawi carakan, aksârâ Arab Pégon (aksârâ Arab kanggé nyêrat bâsâ Jawi), sâhâ aksârâ Latin.

### 3. Lampahing Panalitèn Filologi tumrap SKJ

#### a. *Inventarisasi naskah*

Miturut Djamaris (2002: 11), *inventarisasi naskah* inggih mênikâ maos, ndamêl *daftar-ipun naskah* saprêlu mangrêtos cacahipun *naskah* sâhâ wontên ing pundi kémawon *naskah* kasimpên. *Inventarisasi naskah* sagêd dipunpadosi lumantar *katalogus (studi katalog) perpustakaan-perpustakaan negeri* utawi papan-papan panyimpêning *naskah* sâhâ nyumêrêpi piyambak wujuding *naskah* ing papan panyimpêning *naskah*.

#### b. *Deskripsi naskah*

*Deskripsi naskah* inggih mênikâ nggambarakên kawontênanipun *naskah* kanthi ukârâ-ukârâ ingkang cêthâ sâhâ *rinci* ngéngingi kawontênanipun *naskah* ingkang dipuntliti (Djamaris, 1977: 25). *Deskripsi naskah* dipuntindakakên kanthi ndamêl andharan kawontênaning *naskah (fisik)* sâhâ *nonfisik-ipun (teks)* kanthi tliti. Anggènipun nлити kawontênaning *fisik* sâhâ *nonfisik-ipun naskah*, kasêrat sarânâ *tabel* sâhâ awujud andharan.

#### c. *Transliterasi Teks*

*Transliterasi* inggih mênikâ nggantos jinising sêratan, aksârâ mbâkâ aksârâ saking *abjad* satunggal dados *abjad*

sanèsipun (Baroroh-Baried, 1985: 65). Ancasing ndamêl *transliterasi* inggih mênikâ kanggé nêpangakên sâhâ ndamêl gampiling panalitèn bab isining *naskah*. Anggènipun ndamêl *transliterasi teks SKJ* mênikâ ngginakakên *metode transliterasi*. *Metode transliterasi* wontên kalih warni inggih mênikâ: *metode transliterasi diplomatik* sâhâ *metode transliterasi standar*. Déné *transliterasi* ingkang dipunginakakên wontên panalitèn mênikâ inggih mênikâ *metode transliterasi standar*.

#### d. *Suntingan Teks*

*Suntingan teks*, inggih mênikâ nyawisakên *teks* ingkang sampun dipunlêrêsakên sâhâ sampun éwah satêmah sampun botên wontên lêpatipun (Darusuprta, 1984: 4). Ancasipun *suntingan teks* inggih mênikâ madosi sêratan ingkang risak (*korup*) sâhâ jumbuh kaliyan *konteks* isi supados kawaos kanthi saé. Miturut Wiryamartana (1990: 30-32), *metode suntingan teks* wontên kalih, inggih mênikâ *metode suntingan teks edisi diplomatik* kaliyan *metode suntingan teks edisi standar*. *Suntingan teks* ingkang kaginakakên ing panalitèn mênikâ inggih *suntingan teks edisi standar*.

#### e. *Terjemahan Teks*

Alih bâsâ utawi *terjemahan* inggih mênikâ ngéwahi bâsâ saking basaning *sumber-ipun* utawi basaning *teks* dhatêng bâsâ *sasaran-ipun* utawi bâsâ ingkang dipunpilih kajumbuhakên ancasipun (Mulyani, 2009: 28). Ancasing *terjemahan teks SKJ* supados masarakat ingkang botên paham basaning *teks* sagêd mangrêtos dhatêng isinipun *naskah (teks)*. Miturut Darusuprta (lumantar Mulyani, 2009: 28) wontên tigang warni alih bâsâ utawi *terjemahan* inggih mênikâ

*terjemahan harfiah, terjemahan isi/makna, sâhâ terjemahan bebas.*

f. *Analisis Teks*

Sasampunipun *teks* dipun-*terjemah*-akên, lajêng *teks* kasêbut dipun-*analisis*. Ancasing *analisis teks* inggih mênikâ mbêdhah wosing *teks* supados nggampilakên panaliti anggènipun mangrêtos sâhâ sagêd mênêdhêt piwulang ingkang saé saking wosing *teks*.

g. Ngrêmbag Piwulang Luhur wontên ing *Teks SKJ*

Ngrêmbag piwulang luhur ing *teks*, inggih mênikâ satunggaling usâhâ kanggé ngandharakên wosing *teks* supados masarakat utawi pamaos mênikâ sagêd mangrêtosi isining *teks*. Asiling ngrêmbag isining *teks SKJ* kaangkah sagêdâ nggampilakên pangrêtosaning pamaos bab isining *teks*, inggih mênikâ bab piwulang luhur kadospundi kêdahipun tiyang mênikâ tumindak wontên ing samadyaning masarakat. Salajêngipun, pamaos sagêd ndadosakên piwulang mênikâ minangkâ satunggaling pandom tumindakipun ing masarakat.

Purwadi (2009: 5) ngandharakên bilih piwulang luhur inggih mênikâ piwulang ingkang wontên gayutipun kaliyan solah bâwâ ingkang sajatosipun dados *cermin* akhlak sâhâ budi pakêrti. Piwulang luhur mênikâ ngandharakên mênâpâ ingkang sajatosipun kêdah dipuntindakakên manungsa dhatêng manungsa sanèsipun.

Miturut De Vos (1987: 73), piwulang luhur botên namung gayut antawisipun manungsa kaliyan manungsa sanès, nanging ugi gayut kaliyan tumindakipun manungsa dhumatêng Gusti, manungsa dhatêng priyantun sanès wontên ing gêsang bêbrayan, sâhâ manungsa dhatêng dhiri pribadinipun.

## C. CARA PANALITEN

Jinising panalitèn mênikâ kalêbêt panalitèn *filologi* sâhâ panalitèn *deskriptif*. Cârâ panalitèn *filologi* dipunginakakên amargi *objek* panalitèn mênikâ awujud *teks*. Ancasipun panalitèn *deskriptif* sâhâ panalitèn *filologi* ing panalitèn mênikâ kanggé nggambarakên kawontênaning *teks SKJ*. Sumber data panalitèn inggih mênikâ *teks SKJ*. *Teks SKJ* mênikâ *koleksi perpustakaan Pura Pakualaman Yogyakarta*, ingkang kasêrat wontên bènêdhêl *naskah* kanthi irah-irahan *Kempalan Serat Suluk* kanthi kode *Pi.10 0125/PP/73*.

*Teknik* ngêmpalakên data wontên ing panalitèn mênikâ kanthi cârâ *studi* kapustakan (maos sâhâ nyathêt) sâhâ *studi lapangan* (nyumêrêpi piyambak *sumber data* wontên ing papan panyimpêning *naskah*). Wondéné garapaning panalitèn kanggé ngêmpalakên data ngginakakên lampahing panalitèn *filologi*.

Adhêdhasar *teknik* anggènipun ngêmpalakên data ingkang dipungarap kanthi maos sâhâ nyathêt, pramilâ *instrumen* panalitèn mênikâ awujud *kartu data*. *Kartu data* kasêbut dipunginakakên kanggé nyathêt *data-data* saking asiling maos sâhâ nyumêrêpi piyambak *teks SKJ*. *Kartu data* ingkang dipunginakakên kanggé nyathêt *data* ingkang kasêrat ing *teksSKJ*, salajêngipun dipunkêlompokakên supados *data-nipun jumbuh* kaliyan *data* panalitèn mênikâ.

## D. ASILING PANALITÈN SÂHÂ PANGRÊMBAGIPUN

### 1. *Deskripsi Naskah*

*Teks SKJ* minangkâ salah satunggaling kêmplan *teks* wontên

satunggal bëndhêl *naskah* kanthi irah-irahan *Kêmpalan Sêrat Suluk* koleksi *Perpustakaan Widyapustaka Pura Pakualaman*. Irah-irahaning *naskah* kasêbut kapanggihakên wontên ing *Katalog Induk Perpustakaan Widyapustaka Pura Pakualaman* kanthi nomêr kode *Pi. 10. 0125/PP/73*. Irah-irahan *naskah* kasêrat wontên ngajêngipun samak *naskah* kanthi irah-irahan *Kêmpalan Sêrat Suluk*.

Adhêdhasar katrangan ingkang wontên ing salêbêting *teks* sâhâ katrangan ingkang wontên ing *katalog*, mbotên kapanggihakên katrangan ngéngingi sintên ingkang nyêrat. Ananging, adhêdhasar katrangan wontên salêbêting *teks* kapanggihakên katrangan bilih *teks SKJ* kaanggit nalikâ tanggal kaping 17 Sèptèmber 1897. Katrangan mênikâ sagêd dipunpriksani wontên kâcâ 2 ing ngajêng. Wêtonipun *naskah* inggih mênikâ 119 taun.

*Teks SKJ* taksih sagêd kawaos kanthi cêthâ. Kawontênaning *teks* sadâyâ taksih saé, sapérangan dlancangipun wontên binthik-binthik warni coklat. Dlancang ingkang dipunginakakên kanggé nyêrat *teks* inggih mênikâ dlancang *Eropa* warni coklat. Kathahipun larik sabên kacanipun wontên 18 dumugi 26 larik, kajawi kâcâ 327 namung 1 larik amargi minangkâ pungkasaning *teks*. Wontên pungkasaning *teks* kasêrat corétan ing sangandhaping têngbung titi. Corétan mênikâ tândhâ bilih *teks SKJ* sampun rampung dipunsêrat.

Salajêngipun, kandhêling *naskah* kirang langkung 0,8 *centimeter* utawi 13 kâcâ. Ukuraning *naskah* umum wiyaripun 19,9 *centimeter* sâhâ panjangipun 33,2 *centimeter*. Ukuraning *naskah khusus* (ingkang dipuntliti) wiyaripun 0,8 *centimeter*

sâhâ panjangipun 33,5 *centimeter*. Ukuraning *margin naskah khusus* (ingkang dipuntliti) nginggilipun 4 *centimeter*; ngandhap 4 *centimeter*; kiwâ 3 *centimeter*; sâhâ têngên 3 *centimeter*.

## 2. Transliterasi

Pandom *transliterasi* ingkang dipundamêl adhêdhasar *metode transliterasi* ingkang kaginakakên ing panalitèn mênikâ, inggih *transliterasi standar*. Ancasing ndamêl pandom *transliterasi* kanggé nggampilakên anggènipun ndamêl *transliterasi teks SKJ*.

## 3. Suntingan Teks SKJ

### a) Krodrat

Têngbung ‘krodrat’ dipun*sunting* dados ‘kodrat’, inggih aksârâ ‘r’ dipunicali. Sasampunipun aksârâ ‘r’ dipunicali saénggâ dados ‘kodrat’, wontên têngsipun. Têngsipun têngbung ‘kodrat’, inggih mênikâ panguwâsâ karsaning Allah; dasar; alam saisiné sâhâ sakanané (Poerwadarminta, 1939: 241).

### b) Watêg

Aksârâ ‘g’ ingkang kasêrat wontên têngbung ‘watêg’ dipungantos aksârâ ‘k’, saénggâ têngbungipun dados ‘watêk’. Adhêdhasar *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939) têngbung ‘watêg’ botên kapanggihakên têngsipun. Têngbung ‘watêk’ têngsipun dhasaring bêbudèn (drêngki, wêlasan, Isp) (Poerwadarminta, 1939: 657).

### c) Kankiraning

Têngbung ‘kankiraning’ dipun*sunting* dados ‘kakiranging’, inggih aksârâ ‘n’ dipunicali sâhâ dipuntambahi aksârâ ‘g’. Sasampunipun aksârâ ‘n’ dipunicali sâhâ dipuntambahi aksârâ ‘g’ saénggâ dados ‘kakiranging’, jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Têngbung ‘kakiranging’, kadhapuk saking têngbung ‘kirang’ ingkang

angsal wuwuhan sêsarêngan kaliyan -ing. Têgêsipun têngbung 'kirang', inggih mênikâ 'kurang' (Poerwadarminta, 1939: 224).

d) Inkung

Têngbung 'ingkung' dipun-*sunting* dados 'ing kang', inggih aksârâ 'u' dipungantos aksârâ 'a'. Sasampunipun aksârâ 'u' dipungantos aksârâ 'a' saénggâ dados 'ing kang', jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Têgêsipun têngbung 'ing kang', inggih mênikâ 'sing; kang' (Poerwadarminta, 1939: 172).

e) Sadèrèngin

Têngbung 'sadèrèngin' dipun-*sunting* dados 'sadèrènging', inggih dipuntambahi aksârâ 'g'. Sasampunipun dipuntambahi aksârâ 'g' saénggâ dados 'sadèrènging', jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Têngbung 'sadèrènging', kadhapuk saking têngbung 'dèrèng' ing kang angsal wuwuhan sa- kaliyan -ing. Têgêsipun têngbung 'dèrèng', inggih mênikâ 'durung'.

f) Bilih bilih

Têngbung 'bilih' mênikâ kasêrat dobêl wontên *teks*, salah satunggalipun dipunicali. Sasampunipun têngbung 'bilih' dipunicali, jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Wontên ing ukaranipun, têngbung 'bilih' dipunsêrat kaping kalih, saénggâ salah satunggalipun dipunicali kémawon.

g) Ngadhap

Têngbung 'ngadhap' dipun-*sunting* dados 'ngandhap', inggih dipuntambahi aksârâ 'n'. Sasampunipun dipuntambahi aksârâ 'n' dados 'ngandhap', jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Têgêsipun têngbung 'ngandhap', inggih mênikâ 'ngisor' (Poerwadarminta, 1939: 377).

h) Lahaku

Têngbung 'lahaku', dipun-*sunting* dados 'laku', inggih aksârâ 'hâ' dipunicali. Sasampunipun aksârâ 'hâ' dipunicali dados 'laku', jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Têgêsipun têngbung 'laku', inggih mênikâ 'tumindak, obah maju' (Poerwadarminta, 1939: 257).

#### 4. *Terjemahan Teks SKJ*

Asiling *terjemahan teks* inggih mênikâ alih bâsâ saking bâsâ Krâmâ dhatêng bâsâ Indonesia. Adhêdhasar anggènipun nêrjêmahakên mênikâ, wontên sapérangan têngbung ing kang botên sagêd dipun-*terjemah*-akên dhatêng bâsâ Indonesia amargi têngbung mênikâ botên kapanggihakên wontên ing *kamus* ing kang dipundadosakên *acuan* utawi *sumber* déning panyêrat

#### 5. *Piwulang Luhur wontên Teks Serat Kaanan Jati*

##### 1) *Piwulang luhur gayutipun manungsa kaliyan Gusti*

###### a. Èngêt dhumatêng Gusti

Manungsa kédah èngêt dhumatêng Gusti wontên ing pundi kémawon. Tugasipun manungsa ing kang utâmâ wontên ing donyâ inggih mênikâ mêngabdi dhumatêng Gusti. Manungsa kédah èngêt dhumatêng Gusti Allah wontên ing pundi kémawon, supados dipunjagi lair batosipun déning Gusti Allah ing kang Mâhâ-Suci. Èngêt dhumatêng Gusti ing kang Mâhâ-Suci kaginakakên minangkâ sarânâ kanggé nyirnakakên samukawising tumindak ing kang nisthâ.

b. Pitados *takdir*-ipun Gusti

Manungså k dah pitados wujud sipat-sipating Dzat Allah. Kapitadosan dhat ng Dzat Allah inggih m nikå pitados bilih Allah m nikå nyatå. Sipatipun Gusti Allah m nikå awarni-warni. Sipat ingkang kapisan inggih m nikå Asmå. Asmå m nikå t g sipun aran. Gusti m nikå kagungan sipat Asmå utawi aran. Inggih kawastan aran inggih m nikå urip, t g sipun inggih m nikå urip wont n jiwå såhå budinipun manungså. Urip m nikå wujudipun raos, t g sipun Gusti urip wont n jiwå såhå budinipun manungså salaj ngipun l bur kaliyan raosipun manungså. Raos ingkang satuhu utawi raosing Dzat inggih m nikå wujudipun cahyå. Sipat salaj ngipun inggih m nikå håwå. Håwå m nikå t g sipun karså. Karså m nikå minångkå tanduking råså. Tanduking råså m nikå kanyatahanipun kat ndhå saking ujud  baling solah bawå.

c. M muji martabating sahadat

M muji dhumat ng Gusti ugi sag d dipuntindakak n kanthi mangr tosi martabating sahadat. *Teks SKJ* ng wrat martabating sahadat ingkang wont n pitung prakawis. Inggih m nikå sahadat sar ngat, sahadat tar kat, sahadat hak kat, sahadat makripat, sahadat batin, sahadat gaib, sahadat barjah.

d. Tansah sukur dhumat ng Gusti

Manungså k dah ngunjukak n sukur dhumat ng Gusti. Wujud piwulang tansah ngunjukak n sukur dhumat ng Gusti ing *teks SKJ* wont n sakawan inggih kapint ran, kasarasan, kaluhuran, kasugihan.

**2) Piwulang luhur gayutipun manungså kaliyan g sang b brayan**

a. Patrap ingkang sa  wont n ing pag sangan

Wont n ing pag sangan manungså k dah gadhah patrap. Munpangatipun nglampahi g sang kanthi patrap m nikå supados manungså bot n k blinger. Patrap m nikå dipundam l supados manungså gadhah tatå kr må utawi panutan wont n ing pag sangan.

b. Kodratipun manungså ing pag sangan

Gusti Allah nyiptakak n manungså kanthi kodrat ingkang b t n-b t n. Wont n ing pag sangan manungså k dah nglampahi g sang kanthi patrap ingkang sa  supados sag d anggayuh kodrat ingkang sampun dipunt mtokak n d ning Gusti.

c. Paham ing *Dzat*

Wont n ing g sang b brayan, manungså ugi k dah nyum r pi wujuding dzat. Wujuding dzat m nikå wont n  n m, inggih asmå, aran, urip, raos, håwå, karså.

d. G sang ingkang mulyå

Supados sag d nggayuh pag sangan ingkang mulyå, manungså k dah mangr tosi martabatipun kaanan jati. Martabat kaanan jati wont n *teks SKJ* m nikå katahipun gangsal prakawis inggih Dzat, cahyå, råså, håwå, wujud.

**3) Piwulang luhur gayutipun manungså kaliyan dhiri pribadinipun**

a. Njagi kasarasan

Salah satunggaling piwulang ingkang kawrat wont n *teks SKJ* inggih m nikå manungså k dah njagi kasarasan wont n ing g sang b brayan. Piwulang m nikå asalipun saking kawruhipun p r  puj ngg  tanah ag ng ing  ropah. Piwulang m nikå ugi sampun katindakak n d ning p r  dhokt r minångkå sar nå tulusing g sang.



Salah satunggaling cara ingkang dipunginakakên kanggé njagi kasarasan inggih kanthi milih dhaharan sâhâ unjukan ingkang sagêd améwahi kiat. Saking pêthikan ing nginggil, sagêd dipunpêndhêt piwulangipun bilih nalikâ badhé dhahar utawi ngunjuk prayoginipun amiliâ dhaharan sâhâ unjukan ingkang paédahipun nyukani kakiyatan. Dhaharan ingkang nyukani kakiyatan inggih mênikâ dhaharan ingkang saé wosipun. Dhaharan ingkang saé inggih mênikâ dhaharan ingkang ngandhut *karbohidrat, protein, sâhâ lemak*.

Dhaharan ingkang ngandhut *karbohidrat* inggih mênikâ dhaharan ingkang asalipun saking uwos, jagung, kênthang, gandum, gêndhis, télâ, sâhâ woh-wohan. Paédahipun *karbohidrat* inggih mênikâ minangkâ *sumber energi* supados badanipun manungsâ botên gampang loyo.

Salajêngipun, dhaharan ingkang saé inggih dhaharan ingkang ngandhut *protein*. *Protein* inggih mênikâ *senyawa kimia* ingkang ngandhut *unsur C, H, O, N, P, sâhâ S*. *Protein* mênikâ kapérang dados kalih jinis, inggih *protein nabati sâhâ protein hewani*. Dhaharan ingkang ngandhut *protein nabati* inggih mênikâ dhaharan ingkang asalipun saking kacang-kacangan, tahu, témpé, sâhâ gandum. Dhaharan ingkang ngandhut *protein hewani* inggih dhaharan ingkang asalipun saking daging, *ikan*, tigan, susu, sâhâ *keju*. Paédahipun *proten* kangge badanipun manungsâ inggih minangkâ *sumber energi, pembangun sel jaringan, sâhâ pengganti sel tubuh* ingkang risak.

Dhaharan ingkang saé inggih dhaharan ingkang ngandhut *lemak*. *Lemak* inggih mênikâ *senyawa kimia* ingkang ngandhut *unsur C, H, sâhâ O*. *Lemak*

kapérang dados kalih jinis inggih *lemak nabati sâhâ lemak hewani*. Dhaharan ingkang ngandhut *lemak nabati* inggih dhaharan saking klopo, kêmiri, kacang-kacangan, sâhâ *buah* alpukat. Déné, dhaharan ingkang ngandhut *lemak hewani* inggih dhaharan saking susu, *keju*, daging, sâhâ kuning tigan. Paédahipun *lemak* kangge badanipun manungsâ inggih minangkâ *sumber energi, pelindung* badanipun manungsâ saking *suhu rendah, sâhâ pelarut vitamin A, D, E, K*.

b. Tindak- tanduk nalikâ saré  
Tindak tanduk wontên *teks SKJ* mênikâ ngrêmbag tâtâ caranipun saré ingkang saé. Piwulang mênikâ saking kadis pangandikaning Râsul dhumatêng pârâ sakabatipun.

Tindak tanduk nalikâ saré inggih mênikâ ambudi sumèlèhing sarirâ, manggèn ingkang sakécâ, kanthi malumah, suku kalipisan dipunsalonjorakên, astâ kalih kasèlèhakên anurut sipating suku, èpèk-èpèk rumakêt ing pupu kiwâ têngên, botên anêkuk otot, anyarèhakên lampahing napasipun, angêremakên paningal, lajêng angèsthi kalayan lênggah wontên salêbêting saré, èngêt ngantos sagêd nampèni katêrangan saking watêking raos ingkang amujudakên sawantahing sipat.

c. Tâtâ kramanipun ngêndikâ  
Manungsâ kédah ngêndikâ ingkang wontên munpangatipun. Ngêndikâ saprêlunipun kémawon, sampun ngêndikâ bab ingkang botên wontên ginanipun. Kawicaksanaan manungsâ mênikâ sagêd dipunpriksani saking caranipun ngêndikâ. Bilih botên wontên munpangatipun, kédahipun mèndêl kémawon.

Salajêngipun, kêjawi ngêndikâ ingkang kathah munpangatipun manungsâ ugi kédah ngêndikâ kanthi angêtrêpakên

alus. Alus mênikå inggih saking swantênipun, têngbungipun, utawi saking solah tingkahipun. Manungså kédah alus rikålå ngéndika utawi botên kanthi swantên ingkang sêru. Bilih ngéndikå kanthi kasar utawi sêru mênikå sagêd damêl kuciwaning tiyang sanès amargi sagêd ngganggu tiyang sanès.

Salajêngipun tåtå kråmå rikålå ngéndika ingkang pungkasan inggih patitis ing solah båwå. Manungså kédah gadhah solah båwå rikålå ngéndikå kaliyan tiyang sanès supados botên damêl kuciwaning tiyang sanès. Tåtå carå ngéndikå kanthi ngêtrapakên solah båwå mênikå nggambarakên watak ingkang wicaksånå. Èngêt ngantos sagêd nampèni katêrangan saking watêking raos ingkang amujudakên sawantahing sipat. Mångkå tåndhå sasmitaning pèpasthèn ingkang sampun kênging katampokakên déning sintèn ingkang darbèni panggayuh dhumatêng pambukaning gaib.

d. Tumindak ingkang trêp wontên ing pagêsangan

Piwulang salajêngipun ngandharakên bab manungså kédah ngatos-atos. Salah satunggalingipun inggih mênikå ngatos-atos ing tumindakipun. Piwulang mênikå asalipun saking pathokaning nalar.

Manungså kédah tumindak kanthi gadhah munpangtipun. Manungså kédah késah kanthi mêngingakên kapêntingan sêsarêngan (ramé ing gawé) sartå botên kênging namung mêngingakên kapêntinganipun piyambak (sêpi ing pamrih) amargi sadâyå wau sagêd ngindhakakên têngtrêming gêsang bêbrayan.

e. Migunakakên nalar  
Manungså mênikå kédah angêtrapakên nalar wontên ing tumindakipun.

Piwulang ingkang dipunpangguhakên wontên ing pagêsangan kédah dipuntrêpakên kaliyan nalar ingkang saé supados botên kêblingêr anggènipun nglampahi gêsang bêbrayan. Wontên ing pagêsanganipun, manungså satunggal kaliyan manungså sanèsipun kédah njagi karukunan. Tumindak kanthi prayogå sårå ngatos-atos supados botên damêl cacat manahipun tiyang sanès. Mênikå jumbuh kaliyan andharanipun Herusatoto, (2000: 83) ingkang ngandharakên bilih, manungså kédah ngatos-atos tumindakipun wontên ing gêsang bêbrayan.

## E. PANUTUP

Adhêdhasar pangrêmbaging *teks SKJ* ing bab IV, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun. Wondéné dudutanipun kaandharakên ing ngandhap mênikå.

1. Kawontênaning *teks Sêrat Kaanan Jati*

*Teks SKJ* kalêbêt salah satunggaling *teks* salêbêting bèndhêl *naskah* kanthi irah-irahan *Kêmpalan Serat Suluk koleksi* Perpustakaan Pura Pakualaman Ngayogyakarta. Irah-irahaning *naskah* kasêbut kasêrat wontên *Katalog Induk Perpustakaan Widyapustaka Pura Pakualaman Yogyakarta* kanthi nomêr kode *Pi.10 0125/PP/73*. Adhêdhasar *katalog Perpustakaan Widyapustaka Pura Pakualaman, teks SKJ* kasêrat wontên kâcå 315-334, urutan nomêr 29 saking urutaning *teks* ingkang wontên ing *naskah Kempalan Serat Suluk*. Kawontênaning *teks SKJ* taksih saé sårå *teks*-ipun taksih sagêd kawaos kanthi cêthå.

2. *Transliterasi Teks sårå Suntingan Teks SKJ*

*Transliterasi sårå suntingan teks SKJ* ngginakakên *metode transliterasi standar sårå suntingan teks edisi*

standar. Metode suntingan teks edisi standar katindakakên kanthi cârâ standarisasi ejaan. Asiling transliterasi inggih mênikâ ngêwahi sêratan saking aksârâ Jâwâ dhatêng aksârâ Latin. Adhêdhasar asiling transliterasi, teks *Sêrat Kaanan Jati* mênikâ taksih ngginakakên sistem ejaan ingkang lami. Asiling suntingan teks kapanggihakên wontên sângâ inggih mênikâ krodrat, watêg, kankiraning, ingkung, sadèrèngin, bilih, ngadhap, lahaku, pawulang. *Suntingan teks edisi standar* katindakakên kanthi kontekstual.

### 3. Terjemahan teks SKJ

Teks SKJ dipun-terjemah-akên kanthi ngginakakên metode terjemahan harfiah, terjemahan isi, sâhâ terjemahan bebas. Asiling terjemahan teks inggih mênikâ ngêwahi bâsâ saking bâsâ sumber-ipun, inggih mênikâ bâsâ Jawi dhatêng bâsâ sasaran-ipun, inggih mênikâ bâsâ Indonesia. Adhêdhasar anggènipun nêrjêmahakên mênikâ, wontên sapérangan têmbung ingkang botên sagêd dipun-terjemah-akên dhatêng bâsâ Indonesia amargi têmbung mênikâ botên kapanggihakên wontên ing kamus ingkang dipundadosakên acuan utawi sumber déning panyêrat

### 4. Piwulang luhur ing teks SKJ

Piwulang luhur ingkang kawrat wontên teks SKJ awujud piwulang ingkang sagêd dipundadosakên pêpéling ing madyaning masarakat. Piwulang luhur kasêbut kapérang dados tigâ, inggih mênikâ (1) piwulang luhur gayutipun manungsâ kaliyan Gusti, antawisipun èngêt dhumatêng Gusti sâhâ nyumêrêpi wujuding dzat Allah, punâpâ kémawon ingkang sampun dipunciptakakên déning Gusti kanggé manungsâ, inggih mênikâ bumi, banyu, gêni, angin.

Salajêngipun, manungsâ kêdah mangrêtos martabating sahadat ingkang kawrat ing teks SKJ, inggih mênikâ sahadat saréngat, karékat, hakékat, makripat, bathin, gaib, sâhâ barjah. Salajêngipun piwulang luhur gayutipun manungsâ kaliyan agami, inggih mênikâ manungsâ kêdah mangrêtos martabating sahadat ingkang kawrat wontên teks SKJ.

Salajêngipun, piwulang luhur ingkang nomêr kalih, inggih mênikâ (2) piwulang luhur gayutipun manungsâ kaliyan gêsang bêbrayan, inggih mênâpâ kémawon ingkang kêdah dipunsumêrêpi manungsâ wontên ing pagêsangan. Piwulang ingkang nomêr tigâ, inggih mênikâ (3) piwulang luhur gayutipun manungsâ kaliyan dhiri pribadhinipun, inggih mênikâ kêdah njagi kasarasan, tâtâ caranipun saré, tâtâ caranipun ngêndikâ, sâhâ kêdah ngatos-atos ing tumindakipun.

## KAPUSTAKAN

- Teks Serat Kaanan Jati*. Perpustakaan Widyapustaka Pura Pakualaman bagian pernakahan, nomêr Pi.10.0125/PP/73.
- Baroroh-Baried, Sitidkk. 1985. *Pengantar Teori Filologi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Balai Bahasa Yogyakarta. 2006. *Pedoman Umum Ejaan Umum Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan*. Yogyakarta: Kanisius.
- Darusuprta. 1984. "Beberapa Masalah Kebahasaan dalam Penelitian Naskah". *Widyaparwa* Nomor 26 Oktober. Yogyakarta: Balai

- Penelitian Bahasa Departemen P & K.
- Djamaris, Edwar. 1997. *Filologi dan Cara Kerja Penelitian Filologi*. Bahasa dan Sastra, No.I.III. 1997. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Mulyani, Hesti. 2009a. *Membaca Manuskrip Jawa*. Diklat Mata Kuliah Membaca Manuskrip II. Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.
- \_\_\_\_\_. 2010. *Komprehensi Tulis Jawa*. Diklat Mata Kuliah Komprehensi Tulis II. Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.
- Poerwadarminta.W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Groningen, Batavia: J.B Wolters' Uitgevers-Maatschappij N.V.
- Purwadi. 2005. *Etika Jawa*. Yogyakarta: Paradigma Indonesia Publisher's.
- Robson, S.O. 1994. *Prinsip-Prinsip Filologi Indonesia*. Terjemahan oleh Kentjanawati Gunawan. Jakarta: RUL.
- Sulastin-Sutrisno, 1981. *Relevansi Studi Filologi*. Pidato Pengukuhan Jabatan Guru Besar dalam Ilmu Filologi pada Fakultas Sastra Universitas Gadjah Mada. Yogyakarta: Liberty.
- Widodo, Erna dan Muchtar. 2000. *Kontruksi ke Arah Penelitian Deskriptif*. Yogyakarta: Avyrouz